

Peryòd Terib ak Asirans Sante

Fason pou Kenbe Pwoteksyon Asirans Pandan Pandemi a

Yon Gid pou Kliyan

Peter Newell

Direktè, Health Insurance Project

Jiskaprezan, kowonaviris mòtèl la te touye plis pase 35,000 Nouyòkè. Pandan nou te oblije fèmen ekonomi a lè ka yo te monte pi wo pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la, pa gen yon grenn moun ki te mouri jou ki te 20 septanm 2020 – mezi sa yo ak reyaksyon kliyan yo parapò ak epidemi an te gen yon gwo enpak nan travay moun te pèdi avèk asirans sante nan travay moun te pèdi. Malgre ekonomi an te amelyore, plis pase 1.6 milyon Nouyòkè te resewva yon kalite asistans chomaj nan mi novanm. Kokennchenn lansman vaksen ki apwouve yo reprezante san dout yon limyè apre solèy kouche, men yon dezyèm vag kowonaviris ak kraze rekò nouvo ka yo chak jou, epi gen anpil chans pou ekonomi an fèmen ankò, li klè l ap enpòtan anpil pou nou toujou gen asirans sante.

*Pandan pandemi an te ekspoze feblès asirans sistèm asirans sante travay nou an ak inekite di li yo, angajman New York pou pwogram piblik yo ak enplemantasyon Lwa sou Swen Sante Bon Mache la vle di **asirans sante ap pi abòdab pase avan, epi li pa te janm fasil konsa pou achte yon plan asirans sante**. Dapre lwa sou pwoteksyon konsomatè federal ak Eta ki egziste yo ansanm ak refòm ak inisyativ Lwa sou Swen Sante Bon Mache a si te konplete pwogram Eta ki deja la yo, men kèk chwa moun ta dwe konsidere.*

Pwoteksyon Anplwayè Bay

Konjwen mwen pèdi travay li, kidonk pwoteksyon sante li te pèdi tou. Mwen te refize pwoteksyon asirans anplwayè bay ane pase paske nou tout nou te enskri nan plan konjwen mwen an. Èske mwen dwe tann jiska ane pwochè pou kapab enskri nan yon pwoteksyon asirans?

Non, ou ta dwe kapab aplike depi kounye a. Anjeneral, gen yon sèl peryòd enskripsyon anyèl vè fen ane a pou kapab enskri nan pwoteksyon asirans anplwayè bay. Men [Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante \(Health Insurance Portability and Accountability Act\)](#) federal la kreye “peryòd enskripsyon espesyal” aprè sèten “evènman lavi ki kalifye”, tankou pèt pwoteksyon asirans anplwayè bay. Pa egzanp, si ou pèdi pwoteksyon angwoup ou an, ou marye epi anplwayè konjwen ou an ofri pwoteksyon, fanmi a kalifye pou enskri nan pwoteksyon an nan plan konjwen an nenpòt lè pandan ane a. Pou kapab benefisye dwa sa a, anplwaye yo dwe notifye administratè plan yo nan 30 jou aprè evènman lavi ki kalifye a rive, tankou jou li pèdi travay li oubyen pwoteksyon asirans anplwayè bay la fini.

Yo te revoke mwen epi mwen pèdi pwoteksyon asirans anplwayè bay. Èske gen yon fason pou rete enskri nan plan konpayi mwen an?

Wi—men san okenn kontribisyon anplwayè, prim yo ap vin trè chè. Yon lwa federal ki rele [COBRA \(Lwa sou rekonsilyasyon Bidjè Omnibus Konsolide\)](#) bay dwa pou pifò travayè pou yo “kontinye” pwoteksyon yo dapre plan sante anplwayè oswa sendika yo pandan omwens 18 mwa, epi pwòp lwa COBRA New York la garanti pifò nan mank asirans lwa federal la, tankou pa egzanp li mande pou ti biznis yo bay avantaj COBRA. Dwa COBRA kòmanse lè yon fanmi sibi yon “evènman lavi ki kalifye”, tankou pèt yon travay, rediksyon nan èdtan travay, divòs, lanmò oubyen lòt gwo chanjman nan lavi. Sepandan, dapre COBRA, anplwaye yo kapab oblije dwe

peye tout montan pwoteksyon asirans la yo menm, epi administratè plan sante yo kapab ajoute yon chaj 2% anplis. Dapre yon sondaj federal anyèl, prim pwoteksyon chak mwa COBRA pou moun New York te anviwon \$800 an 2019, epi \$2,300 pou fanmi yo. Pou fanmi sa yo ki gen mwayen, si yo chwazi yon pwoteksyon asirans COBRA ki chè se youn nan fason yo kapab kontinye relasyon yo ak founisè swen sante ki enpòtan, fini yon tretman sante, jwenn kredi pou depans ki dediktib yo te fè pandan 2020 olye pou yo rekòmanse ak yon nouvo plan oubyen pou kenbe yon seri avantaj ki bay sèten ranbousman pou sèvis founisè “andeyò rezo a” bay.

Lè w ap analize chwa sa yo, yon bon premye etap se pou jwenn ak revwa dokiman anplwayè oubyen sendika w bay konsènan plan sante w lan, tankou Rezime Deskripsyon Plan an. Dokiman sa yo endike responsabilite administratè plan an ak anplwaye yo, dat limit ki enpòtan yo ak enfòmasyon kontak yo. (Gen yon egzanp dokiman divilgasyon COBRA disponib [la](#).) Fanmi yo ki kwè yon desizyon anplwayè a ki te ba yo refi pou yon avantaj te enjis, kapab rele nan 1.866.444.3272 pou depoze yon plent nan Administrasyon Sekirite Avantaj Anplwayè Bay (Employee Benefits Security Administration) ki nan Depatman Travay Ameriken.

Èske gen chwa ki pi bon mache pase COBRA?

Wi. Paske pwogram yo kreye dapre Lwa sou Swen Sante Bon Mache (Affordable Care Act) bay rezidan New York k ap chèche pwoteksyon asirans, plis chwa ki bon mache ak diferan pwodui yo kapab chwazi. A kondisyon ou abite nan Eta New York, si ou sitwayen ameriken, yon resòtisan ameriken, oubyen yon imigran [ki prezan legalman sou teritwa Etazini](#), epi ou pa nan prizon, ou kapab achte epi enskri nan tout chwa sa yo nan [Mache Asirans NY State of Health](#). Sèten chwa ki dekri anba la a disponib, kèlkeswa sitiyasyon ou ak imigrasyon.

Ranplase Pwoteksyon Asirans ki Pèdi oubyen Jwenn Nouvo Pwoteksyon nan Mache Asirans la

Kisa Mache Asirans la ye epi kijan li mache?

Pou mizanplas Lwa sou Swen Sante Bon Mache (Affordable Care Act) a, New York kreye pwòp “bous dechanj” li ki rele [Mache Asirans NY State of Health](#). Se Depatman Sante Eta New York ki jere li ansanm ak asistans Depatman Sèvis Finansye, Mache Asirans la se yon kote santral pou jwenn tout pwoteksyon asirans sante pou moun apa ak pou fanmi—epitou se sèl kote pou pifò moun kapab aplike epi enskri pou resevwa pwoteksyon asirans gratis oubyen bon mache ansanm ak sibvansyon ki fè pwoteksyon asirans sante a vin pi bon mache. Mache Asirans la gen yon [wèbsayt](#) kote ou kapab jwenn enfòmasyon osijè pwoteksyon asirans epi enskri, epi li gen yon liy èd (1.855.355.5777) avèk konseye ki kapab reponn kesyon epi ede w enskri. Konseye yo disponib soti 8è a.m. rive 8è p.m. lendi pou vandredi, epi 9è a.m. pou 1è p.m. chak samdi.

Anpil kliyan konstate ke asistans yo resevwa pou enskri vrèman itil yo paske sistèm sante nou an konplike—epi li gratis. Mache Asirans la fòme epi akredite tou plizyè milye [konseye enskripsyon kominotè](#) toupatou nan Eta a pou konseye konsomatè yo, epi achtè yo sou wèbsayt la kapab klike sou yon [bouton](#) pou jwenn moun pou ede yo. Pandan kriz sa a, anplwaye ki la pou ba yo asistans ap ede konsomatè yo nan telefòn, olye pou ede yo fas-a-fas. Konsomatè kapab konvèse tou ak konseye yo an dirèk, depi yo klike sou yon bouton ki sou paj dakèy Mache Asirans la. [Videyo sa a](#) se yon bon entwodiksyon nan Mache Asirans la, nan pwosesis enskripsyon an, tip dokiman ki gendwa nesèsè yo, ak fason pwosesis pou kalifye dapre revni an mache.

Ki pwoteksyon ki disponib nan Mache Asirans lan?

Gen anpil plan diferan ki disponib, epi asistans finansyè an depannde revni ak gwosè fanmi a:

Medicaid, pwogram pwoteksyon asirans federal/Eta a pou timoun ak adilt ki pa gen anpil mwayen, disponib pou nenpòt moun apa ki touche mwens ke \$17,609 nan yon ane (\$1,468 pa mwa), oubyen yon fanmi ki gen 4 moun ladann ki touche mwens ke \$36,156 (\$3,013 pa mwa). Limit revni ki lejèman pi wo aplikab pou timoun ak fanm ki ansent yo. Yo pa konsidere byen (avwa) yon fanmi— tankou yon kay, yon machin oswa on kont depay—ankò nan desizyon sou kalifikasyon yo. Imigran nan sèten kategori pa kapab enskri nan Medicaid, men pifò nan yo kalifye pou Essential Plan ki dekri anba la a. Enskripsyon nan Medicaid pou Ijans (Emergency Medicaid) (dekri anba la a) se yon chwa enpòtan pou imigran ki pa gen papyè. Pifò benefisyè Medicaid yo oblije enskri nan plan swen ki administre epi chwazi yon founisè swen sante pou yo kapab jwenn aksè nan avantaj konplèsan prim epi prèske san kòpeman. Ototal, plis pase 6 milyon rezidan New York enskri nan Medicaid.

Gen diferan règ pou kalifikasyon ki aplikab pou moun ki pa gen anpil mwayen ki gen plis pase 65kan ak pou moun ki kalifye pou pwoteksyon akòz yo gen yon andikap; moun sa yo dwe aplike [nan depatman sèvis sosyal lokal](#), olye pou yo aplike nan Mache Asirans la.

Essential Plan (EP) lan ofri pwoteksyon asirans swen administre konplè ak prim ki ant \$0 ak \$20 pa mwa epi pataj depans ki trè limite pou moun apa ki touche ant \$17,609 ak \$25,520 chak ane, epi moun ki touche mwens ke \$17,609 ki pa kalifye pou Medicaid men ki prezan legalman Ozetazini. [Tablo sa a](#) montre avantaj EP bay ak pataj depans yo pou 4 tip òf avantaj EP bay yo, epi [men yon kat](#) ki liste plan sante k ap patisipe yo pou chak Konte. Prèske 800,000 rezidan New York enskri nan EP an.

Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plans, QHP) ak Sibvansyon pou Pri a Vin Pi Bon Mache yo disponib pou moun ki touche ant \$25,520 ak \$51,040 chak ane, oubyen \$52,800 ak \$104,800 pou yon fanmi ki gen 4 moun ladann. Nouyòkè yo ki

nan kategori revni sa a ki kalifye pou COBRA ka jwenn yon plan sante ki pi bon mache nan Mache Asirans la. Plan sa yo gen avantaj konplè tou yo ofri, kote pwoteksyon asirans pou dan ak zye disponib antanke asirè plan konplè oswa pou swen dan ak swen zye. Gen 4 tip kategori prim diferan: 1) adilt; 2) adilt/timoun; 3) 2 adilt; ak 4) 2 adilt epi 1 oswa plis timoun. QHP yo òganize tou an 4 kategori “nivo metal” (platin, lò, ajan ak bwonz) dapre kantite depans yon konsomatè tipik t ap genyen pou peye ak lajan pa l. Yon rezidan nan Konte Kings ki touche anviwon \$26,000 ta ka achte yon plan ajan pou sèlman \$132 pa mwa, konpare ak \$373 pa mwa pou yon moun ki touche anviwon \$47,000. Fanmi yo ki nan kategori moun ki kalifye pou resevwa sibvansyon anjeneral ta dwe achte plan ajan de preferans.

[Tablo sa a](#) montre avantaj QHP yo ak pataj depans pou yon plan estanda, epi [tablo sa a](#) bay plis enfòmasyon pou plan ki ofri 3 vizit swen prensipal gratis kay doktè jeneralis. [Kat sa a](#) montre patisipasyon nan plan pou chak Konte. Anviwon 160,000 moun te enskri nan QHP yo ak asistans finansyè pou ane 2020 an.

Plan Sante Kalfiye Prim Konplè (Full-Premium Qualified Health Plans) disponib tou nan Mache Asirans la epi dirèkteman nan plan sante yo. Nan Konte Queens, plan ajan ki mwen chè a koute anviwon \$611 pa mwa pou yon rezidan apa epi \$1,742 pa mwa pou yon fanmi ki gen 4 moun. Fanmi yo ki kalifye pou COBRA gendwa jwenn yon plan nan Mache Asirans la ki mwen chè pase COBRA, men li ka vini ak dediktib ki pi wo epi depans y ap dwe peye yo menm—oswa ak yon rezo founisè ki pi limite. Avantaj yo menm ak sa QHP yo bay, epi menm plan yo patisipe ladann. Y ap jwenn QHP prim konplè yo nan Mache Asirans la oubyen dirèkteman nan plan sante k ap patisipe yo, sa yo rele mache “off-exchange” (andeyò bous echanj) la. Mache off-exchange la fonksyone dapre menm règ Mache Asirans la, nan sa ki gen pou wè ak peryòd enskripsyon espesyal yo, epi peryòd enskripsyon espesyal pou kowonaviris la. Sèten pwodui ki disponib andeyò bous la (off-exchange) pa disponib nan Mache Asirans la, men toude segman yo gen menm kondisyon de baz pou avantaj yo. Anviwon 172,000 rezidan New York te enskri nan QHP prim konplè pou 2020.

Plan pou katastwòf yo disponib nan Mache Asirans la oswa dirèkteman nan men konpayi asirans pou moun apa ki poko gen 30 tan oswa pou moun ki gen plis laj ki kalifye pou yo pa bay yo egzansyon poutèt [sitiyasyon finansyè](#) oswa egzansyon [selon difikilte](#). Menmsi plan sa yo mwen chè, depans konsomatè yo ap anpil pou pifò nan sèvis yo: pou pifò sèvis yo, yon moun ki enskri dwe peye plis pase \$8,550 anvan avantaj yo kòmanse peye. Plan katastwofik yo pa kalifye pou sibvansyon pou pri a vin pi bon mache. Anviwon 4,600 rezidan New York te enskri nan plan katastwofik pou 2020.

Child Health Plus (CHP) disponib pou tout timoun ki gen jiska 19 lane, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon. Pagen okenn tip pataj depans ki otorize, epi [avantaj yo](#) konplè epi yo gen ladann swen pou zye ak pou dan. Pwoteksyon an gratis pou yon fanmi 4 moun ki touche mwens ke \$41,920 chak ane, epi yon fanmi 4 moun ki touche plis pase montan sa a mwens pase \$104,800 peye prim chak mwa [dapre yon tarif degresif](#) (peman an baze sou revni fanmi a) ki ant \$9 ak \$60 pou chak timoun, kote peman yo limite pou 3 timoun maksimòm. Yon fanmi 4 moun ki touche plis pase \$104,800 ta peye tout montan prim yo, men san okenn pataj depans pou sèvis yo. QHP yo ki ofri pwoteksyon asirans pou timoun sèlman disponib tou nan Mache Asirans la. Anpil fanmi entegre ansanm pwoteksyon pou tout moun nan fanmi an grasa CHP, EP, yon QHP, oubyen pwoteksyon asirans anplwayè bay. Plis pase 450,000 timoun te enskri nan CHP nan New York pou 2019.

Èske yo kapab ban mwen refi pou pwoteksyon akòz yon pwoblèm sante mwen te gen deja?

Non. Lwa federal ak Eta a pa otorize yo refize bay pwoteksyon asirans dapre eta sante yon moun, epi moun yo pa kapab resevwa yon bòdwo pou prim ki pi wo akòz yon pwoblèm medikal.

Èske mwen kapab jwenn pwoteksyon asirans nan Mache Asirans kounye an?

Wi. Enskripsyon louvri pandan tout ane a pou CHP, Medicaid, epi pou EP. Peryòd enskripsyon louvri 2021 an pou Mache Asirans la se 1ye novanm 2020, epi l ap kontinye jiska fen janvye 2021. [Peryòd enskripsyon espesyal pou kowonaviris](#) la fini **31 desanm 2020**, men konsomatè yo ki sibi yon “evènman lavi ki kalifye”, tankou pèt pwoteksyon asirans yo, kalifye pou aplike pandan yon [peryòd enskripsyon espesyal](#). [Tablo sa a](#) esplike an detay kijan peryòd enskripsyon espesyal yo mache pou fanmi yo.

Mwen deja gen pwoteksyon asirans Mache Asirans la, men mwen pa kapab peye li ankò paske mwen pèdi travay mwen. Èske mwen kapab aplike yon lòt fwa?

Wi. Si yon moun kalifye pou plis asistans finansyè pou yon QHP akòz yon bè nan revni li, sa ta deklanche yon peryòd enskripsyon espesyal nan Mache Asirans la. Peryòd enskripsyon espesyal sa yo ta pèmèt aplikan yo mete ajou revni yo pou montan kredi taks yo kapab ajiste pou fè pwoteksyon asirans la vin pi bon mache. Konsomatè yo gendwa kalifye tou pou plis pwogram ki pi bon mache pase yon QHP, tankou pa egzanp Medicaid oubyen EP an.

Si mwen kalifye pou COBRA, èske sa vle di mwen pa kapab jwenn pwoteksyon nan Mache Asirans la?

Non. Si ou kalifye pou COBRA, sa p ap afekte sitiyou ou an Mache Asirans la. Sepandan, si ou deside pwolonje pwoteksyon anplwayè w lan grasa COBRA, ou gendwa pa kalifye pou achte pwoteksyon asirans la nan Mache Asirans jiskaske pwoteksyon COBRA ou fini, oubyen jiska pwochen peryòd enskripsyon an, eksepte si sèten sikonstans reyalize. [Tablo sa a](#) rezime kesyon sa yo.

Revni fanmi mwen touche kounye a se yon ti pati pa rapò ak revni fanmi mwen semèn dènyè, oswa konpare ak ane dènyè. Kijan Mache Asirans la pral jere sa?

Aplikan yo k ap aplike nan Mache Asirans la pral dwe estime montan revni fanmi yo pou 2021, kòm premye etap nan pwosesis enskripsyon an. Si revni ou prevwa a fè ke ou kalifye pou Medicaid oswa pou EP an, ou kapab enskri nan pwogram sa a. Si revni ou prevwa a pou ane a pi wo pase nivo pou kalifye pou Medicaid/EP a, ou pral gen posibilite pou itilize revni ou genyen kounye a (ou te touche pou dènye mwa konplè a) pou verifye si w kalifye pou Medicaid oswa pou EP an, epi enskri. Si revni w pi wo toujou pase nivo pou kalifye pou Medicaid oswa EP, yo pral montre w chwa pou QHP yo nan wèbsayt oswa ak èd konseye enskripsyon yo, ki gen ladann pa egzant plan ki gen sibvansyon pou prim.

Si revni w te bese anpil konpare ak 2019, yo gendwa mande w pou bay yon rezon pou gwo diferans ki genyen nan revni w. Sa kapab ede w si ou gen dokiman ki apwopriye sou lamèn— tankou pa egzant yon lèt nan men anplwayè w oswa ansyen anplwayè w, yon lèt lisansiman (“pink slip”) oubyen yon lèt desizyon biwo Asirans Chomaj (Unemployment Insurance) la—pou ede w esplike chanjman nan revni w. Si ou pa gen dokiman akòz ijans kowonaviris la, ou kapab kore enfòmasyon sa yo. Si ou gen difikilte pou jwenn dokiman, ou kapab kontakte tou liy èd Mache Asirans la pou esplike chanjman nan sikonstans anplwa w yo. Si ou pa bezwen èd pou peye pou pwoteksyon asirans la, ou kapab chwazi tou pou sote pwosesis asistans finansyè a.

Nan fen ane a, yo pral fè yon rekonsilyasyon kontab pou deklarasyon taks ou an. Si estimasyon revni w lan mwens pase revni reyèl ou te touche pou 2021, ou gendwa resevwa yon kredi taks adisyonèl oubyen yon ranbousman sou deklarasyon taks ou an. Si revni w lan plis pase sa ou te prevwa a, ou gendwa dwe oblije peye plis taks, men responsabilite pou peye taks anplis sa a limite nan montan espesifik pou sèten moun ki enskri, sou labaz revni yo. Si ou ta renmen konprann pi byen kisa ki rive pou chak chanjman nan estimasyon revni w, ou kapab klike sou [zouti “Konpare](#)

[Plan yo epi Estime Pri yo](#)” pou make diferan revni pou fanmi a epi pou gade kijan prim chak mwa ak asistans finansyè w lan ta chanje dapre senaryo ki diferan.

Kijan yo konsidere revni asirans chomaj peye pou verifye si yon moun kalifye?

Montan avantaj maksimòm asirans chomaj ka peye chak semèn baze sou salè resan aplikan an, epi peman New York yo limite a anviwon \$500. Tout aplikan Mache Asirans yo dwe entegre avantaj chomaj estanda antisipe Eta a bay nan estimasyon revni anyèl yo pou tout pwogram yo. Lwa federal ki rele CARES Act (Lwa sou Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris la) gen ladann yon avantaj chomaj anplis \$600 chak semèn —redui a \$300 pou reklamasyon apre 25 desanm 2020, epi anvan 14 mas 2021, nan lwa resan ki pwolonje pwogram nan. Moun ki enskri nan Medicaid ak CHP pa oblije entegre montan federal anplis sa a nan estimasyon revni yo, men moun ki enskri nan EP ak nan QHP ki sibvansyone yo dwe ajoute revni sa a nan estimasyon yo. Anplis de avantaj ki anplis yo, Lwa CARES Act te ogmante tou kantite moun ki kalifye pou asistans chomaj pandemi espesyal la. Aplikan yo kapab kontakte yon konseye aplikasyon oswa liy èd Mache Asirans la si yo gen kesyon osijè sa yo dwe make nan aplikasyon yo. [Paj resous sa a](#) ki soti nan Depatman Travay Eta New York la esplike kijan Lwa CARES Act la amelyore avantaj chomaj pou travayè yo.

Èske li posib pou kenbe menm doktè ak lopital yo si nou dwe chanje plan?

Rezo founisè Mache Asirans la diferan ak lòt plan sante ak pou diferan pwodui, epi pafwa yo gen rezo ki pi limite pase plan anplwayè a esponsorize, espesyalman nan Sid Eta a. Plan yo ki gen avantaj andeyò-rezo disponib sèlman nan zòn limite nan Eta a epi yo note nan zouti chòping Mache Asirans la. Ou kapab itilize zouti Depatman Sante Eta a pou [“Konsilte Founisè ak Plan Sante Eta NY”](#) la pou chèche konnen ki founisè, ki gen ladann espesyalis yo) ak ki etablisman k ap patisipe nan diferan plan sante yo; [videyo sa a](#) montre kijan li mache. Epitou se yon bon lide pou rele klinik founisè w lan epi tcheke anvan ou enskri nan yon plan.

Mwen tande pwoteksyon asirans Obamacare la gen dediktib ki vrèman trè wo. Èske se vre?

Plan QHP nan nivo platin gen prim ki wo men \$0 dediktib. Plan bwonz yo, QHP ki mwen chè yo, gen prim ki pi ba anpil men dediktib yo rive nan apeprè \$4,700 pou moun apa. Li enpòtan pou sonje, sepandan ke sèvis swen prevantif yo gratis, epi sèvis tankou medikaman ak preskripsyon jere sou yon baz pre-dediktib, kidonk w ap peye sèlman ko-peman ki aplikab yo, men pa dediktib ki pou peye pou pri medikaman an. Finalman, [sèten plan](#) garanti 3 vizit “pou maladi” kay yon doktè jeneralis swen primè chak ane.

Mwen pa kapab peye pou achte pwoteksyon asirans—èske gen lòt fason pou jwenn èd finansye?

Wi. Men kèk chwa ki genyen:

[Medicaid pou Ijans](#) garanti sèvis ijans pou rezidan New York yo san pape ki kalifye pou Medicaid, eksepte pou sitiyasyon yo ak imigrasyon. Dènyèman, New York [te anonse](#) ke tout tès pou kowonaviris, tretman ak sèvis yo garanti. Moun san pape ki pa sitwayen kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a nan [feyè sa a](#) epi enskri nan Mache Asirans la.

Sant Sante ki Kalifye Onivo Federal (Federally Qualified Health Centers) nan New York bay sèvis swen primè jeneral ak sèvis swen prevansyon pou moun ki pa gen asirans, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon, avèk chaj pou pasyan ki pa gen anpil mwayen ki fikse dapre yon tarif degresif. Ou kapab itilize [zouti sa a](#) pou jwenn youn nan pami plis pase 800 sant sante New York ki sitye toupre w.

[Lwa Asistans Finansyè Lopital](#) egzije pou lopital New York yo bay rabè sou sèvis pou pasyan ki pa gen asirans ki pa gen anpil revni oswa ki gen revni ki mwayen epi pou yo respekte direktiv Eta a pou kolekte dèt moun dwe yo. Anjeneral, yo limite chaj yo faktire paysan yo ki touche mwens pase \$37,000 sou labaz yon tarif digresif, ak chak nominal sèlman pou chak paysan ki gen mwayen ki tou piti. Lopital yo oblije bay pasyan yo aplikasyon ak yon rezime ki esplike yo kijan pwogram asistans finansyè yo mache. New York City Health + Hospitals

ofri de (2) [pwogram asistans finansyè](#) ki fantastik (Options ak NYC Care) pou rezidan New York City ak Konte Nassau ak Westchester ki pa gen asirans ki jwenn aksè nan sèvis nan lopital New York City yo, kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon.

Sa sanble vrèman konplike. Èske gen yon kote mwen kapab ale pou jwenn èd?

Wi. Apa anplwaye ki la pou ede w nan Mache Asirans NY State of Health la, w ap jwenn nan anpil gwoup kominotè ak ajans leta. Gade anba a pou jwenn yon lis ki pa konplè gwoup kominotè ak ajans leta sa yo.

Resous ki Enpòtan

Mache Asirans NY State of Health
(NY State of Health Marketplace)

<https://nystateofhealth.ny.gov/>

1.855.355.5777

Aparèy Telekomunikasyon pou Moun ki Soud: 1.800.662.1220

Pwogram Defansè Sante Kominotè Eta New York
(NYS Community Health Advocate Program)

<http://www.communityhealthadvocates.org/>

1.888.614.5400

Depatman Sèvis Finansye Eta New York
(NYS Department of Financial Services)

https://www.dfs.ny.gov/consumers/health_insurance/new_york_health_insurance_policies_programs

1.800.342.3736

Biwo Swen Sante Acoka Jeneral Eta New York
(NYS Attorney General Health Care Bureau)

<https://ag.ny.gov/bureau/health-care-bureau>

1.800.428.9071

Depatman Travay Etazini, Administrasyon Sekirite Avantaj
Anplwaye (U.S. Department of Labor, Employee Benefits
Security Administration)

<https://www.dol.gov/agencies/ebsa/about-ebsa/ask-a-question/ask-ebsa>

1.866.444.3272

Depatman Travay Eta New York, Asirans Chomaj
(NYS Department of Labor, Unemployment Insurance)

<https://labor.ny.gov/unemploymentassistance.shtm>

1.888.209.8124

Remèsiman

Travay sa a posib grasa sipò Twòs Kominotè New York
(New York Community Trust) la.

Nòt: Mizajou pou reflekte peryòd enskripsyon ane plan 2021 an.